

Asirans pou inondasyon garanti deja pwopriyete oswa bagay pèsònèl yon moun sibi nan inondasyon ki gen gwo lapli, inondasyon akòz mare, oswa mare tanpèt ki gen gwo van. Chanjman nan kat ak refòm inondasyon nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la pral lakòz ogmantasyon nan pri asirans pou inondasyon apre yon tan. Anplis konstriksyon ki ka reziste ak inondasyon, asirans se yon lòt estrateji pou redwi risk pou inondasyon.

### Poukisa Asirans Pou Inondasyon Enpòtan?

- **Inondasyon kapab fè gwo dega** nan byen ou ki gen plis valè: kay ou oswa biznis ou.
- Menm pwopriyete ki gen lakòz yo kapab gen risk pou inondasyon.
- Asirans pou pwopriyete kay ak lòt pwopriyete yo pa garanti dega ki fèt nan inondasyon. Fòk ou achte yon asirans separe.
- Pa gen garanti w ap jwenn asistans federal si ta gen yon inondasyon.
- Anpil pwopriyete **gen obligasyon sou lwa federal pou achte ak kenbe asirans pou inondasyon** si pwopriyete a nan on zòn ki gen anpil risk pou inondasyon FIRM 2007 la (gade kat ki adwat la), gen yon ipotèk gouvènman federal la finanse, oswa te resevwa asistans federal apre yon dezaz.


### Konbyen Asirans Pou Inondasyon Yon Pwopriyete Kay Sipoze Achte?

**Pwopriyete ak yon ipotèk gouvènman federal la finanse ki nan yon zòn gwo risk ak sa yo ki te resevwa asistans federal apre yon dezaz yo** dwe gen asirans pou inondasyon jiska limit pwoteksyon NFIP a, oswa lajan ki rete sou ipotèk la, sa ki pi ba a. Si ou pa fè sa, ajan ipotèk yo kapab oblije achte yon asirans pou pwopriyete a - ki kapab pi chè - epi mete li depans la sou lajan ipotèk ou gen pou peye pou kay la chak mwa.

**Pwopriyete kay ki pa gen yon ipotèk gouvènman federal la finanse oswa ki pa nan zòn risk pou inondasyon yo** kapab pran jiska limit \$250,000 a ak plis pwoteksyon pou bagay yo ki disponib jiska \$250,000 pou pwopriyete ak lokatè yo. Moun ki nan lojman koperatif, gwo bilding pou plizyè fanmi ak biznis yo kapab gen garanti pou jiska \$500,000. Pwopriyete biznis ak lokatè yo kapab achte pwoteksyon pou bagay yo jiska \$500,000.

### Kijan yo Achte Kontra Asirans Pou Inondasyon?

Se Pwogram Asirans Pou Inondasyon Nasyonal la (National Flood Insurance Program, NFIP), yon pwogram Ajans Federal Pou Jesyon Sitiyasyon Ijans la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) responsab, ki jere pifò kontra asirans pou inondasyon. Asirans NFIP yo pa menm ak asirans pou pwopriyete kay ak lòt pwopriyete yo, men souvan se menm ajan yo ki vann yo. Kèk lòt konpayi asirans prive ofri asirans pou inondasyon sa yo, men souvan asirans sa yo konn pi chè ak ra.



- FIRM 2007 zòn ki gen anpil risk inondasyon
- PFIRM 2015 zòn ki gen anpil risk inondasyon

Li obligatwa pou achte asirans pou inondasyon nan plèn inondasyon an jan li endike sou FIRM 2007 la, men li kapab elaji selon nouvo FIRM yo. Nou dekri PFIRM 2015 yo anwo a pou konparezon paske pi bon done ki disponib pou planifikasyon. Pwoteksyon pou batiman ki deyò FIRM 2007 yo disponib pi bon mache.


*Nan mwa oktòb 2015, FEMA te anonse vil la te genyen kontestasyon li konsènan PFIRM yo epi li te dakò pou revize kat inondasyon Vil New York la. Pou plis enfòmasyon konsènan kontestasyon an, ale sou sitwèb [www.nyc.gov/floodmaps](http://www.nyc.gov/floodmaps).*

## Kisa ki Detèmine Yon Prim Asirans Pou Inondasyon?

- **Zòn Inondab:** Plis risk zòn inondab ou an genyen, plis prim debaz asirans pou inondasyon ou a ap monte.
- **Kalite Bilding:** Kay pou yon sèl fanmi, de (2) a kat (4) fanmi, bilding apatman, ak lòt bilding ki pa rezidansyèl yo kapab gen diferan pri debaz.
- **Altitid Etaj ki pi ba a:** Plis etaj pi ba ki gen moun ki rete ladan an (nenpòt etaj yo pa itilize sèlman pou depo, pou antre, oswa pakin) anwo parapò ak Altitid Inondasyon Debaz la (BFE), prim nan kapab pi ba.
- **Kantite Asirans:** Plis pwoteksyon asirans ou achte, plis prim ou ap monte.
- **Franchiz:** Yon franchiz ki pi wo kapab bese prim asirans ou.

## Poukisa Pri Asirans Pou Inondasyon ap Monte?

Kounye a la FEMA ap mete FIRM vil la ajou. Se FIRM yo ki detèmine zòn inondasyon ak BFE. Kou yo fin adopte kat sa yo, prim asirans pwopriyete yo kapab vin pi wo apre yo tan. Anplis, refòm federal pou fè NFIP a vin estab sou plan finansyèl pral fè yo ogmante prim ofiramezi jiskaske kontra asirans yo garanti tout risk pou inondasyon. Pou redwi prim asirans yo, pwopriyete yo kapab itilize sèten metòd konstriksyon ki kapab reziste ak inondasyon.



Nou mete pri ki pwojete pou prim ki baze sou BFE yo la sèlman pou ilustrasyon.

## Kisa Mwen Sipoze fè?

Biwo Retablisman ak Rezistans Majistra a (Mayor's Office of Recovery and Resiliency) bay konsèy sa yo pou moun k ap chèche konprann ki chwa yo genyen nan zafè asirans pou inondasyon.

### Aprann sou risk ou yo ak egzijans pou asirans pou inondasyon:

- Pou idantifye zòn inondasyon pwopriyete ou a sou Kat Tarifikasyon Asirans Pou Inondasyon (PFIRM) FEMA a, ale sou sitwèb [Region2Coastal.com](http://Region2Coastal.com) oswa [FloodHelpNY.org](http://FloodHelpNY.org). Moun ki itilize sitwèb sa a kapab itilize dezyèm lyen pou itilize kalkilatris pri FloodHelpNY la pou jwenn yon estimasyon.
- Pou mande yon Sètifika Elevasyon, anboche yon enjenyè oswa apantè ki gen lisans pou detèmine eta pi ba kote moun ap viv parapò ak BFE a.

### Achte asirans pou inondasyon:

- Rele omwen 3 ajan ki sou lis floodsmart.com lan oswa rele (888) 435-6637 pou mande yo devi. Asirans pou pwopriyete kay oswa lòt pwopriyete yo pa garanti dega ou sibi nan yon inondasyon epi pa toujou gen garanti w ap jwenn asistans federal si ta gen yon inondasyon.
- Rele Biwo Militan Pou Asirans Inondasyon Nasyonal (National Flood Insurance Advocate) FEMA a pou lòt kesyon: (202) 212-2186

**Si ta gen yon inondasyon oswa avètisman pral gen yon inondasyon, mete tout byen ou yo yon kote ki wo epi swiv lòd pou evakye.** Pou plis enfòmasyon sou jan pou jwenn yon sant evakasyon pou tanpèt, tanpri ale sou sitwèb [maps.nyc.gov/hurricane](http://maps.nyc.gov/hurricane)

Depatman Planifikasyon Ibèn nan (City Planning) ap travay ak plizyè kominote nan atravè plèn inondab lan pou idantifye estrateji pou dekoupe teritwa ak itilize tè yon fason pou redwi risk pou gen inondasyon epi kore fòs ak kouray vil lan avèk planifikasyon ki adapte pou dire lontan. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb [www.nyc.gov/resilientneighborhoods](http://www.nyc.gov/resilientneighborhoods).

### Enfòmasyon Sou Depatman Planifikasyon Ibèn Nan

Depatman Planifikasyon Ibèn nan (Department of City Planning, DCP) planifye kwasans ak devlopman estratejik pou Vil la kote li planifye sou teren an ak kominote a, devlopman regleman sou fason pou itilize teren ak regilasyon konsènan zonaj, ak kontribisyon li nan preparasyon Estrateji Kapital 10 an Vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb sa a: [nyc.gov/data-insights](http://nyc.gov/data-insights)